



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL METE YON MILYON MASK N95 DISPONIB
POU NOUYÒKÈ YO AKOZ DIFE FORÈ KANADYEN YO KI KONTINYE AP AFEKTE
KALITE LÈ A NAN ETA NEW YORK**

*Y ap mete 400,000 mask pou vizaj bon kalite disponib pou distribisyon piblik nan
etablisman Eta yo nan zòn Vil New York, ki enklè nan Otorite Transpò
Metwopoliten ak kote nan Otorite Pòtyè yo, Pak Eta New York ak Javits Center*

*Y ap mete 600,000 mask siplemantè disponib nan gouvènman lokal yo nan rezèv
Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans yo pou plis distribisyon bay piblik jeneral
la*

*Plis pase 100 dife forè ap boule aktyèlman nan Kebèk ki lakoz kondisyon kalite lè
a deteryore atravè Eta New York*

*Gouvènè Hochul ankouraje lekòl yo anile aktivite anplennè yo nan rejyon ki afekte
yo, tout Nouyòkè pou limite aktivite deyò epi kontwole enpak sante negatif yo*

Liy ijans pou kalite lè Eta New York (800) 535-1345

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke y ap mete apeprè yon milyon mask stil N95 bon kalite disponib pou Nouyòkè yo pandan lafimen ak brim ki soti nan dife forè kontini Kanadyen yo ki kontinye ap afekte kalite lè a nan tout eta a. Depatman Prezèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante a (Department of Health, DOH) kontinye ap soti avètisman sou kalite lè a. Dapre previzyon ak konsèy resan yo, yo prevwa pou endis sou kalite lè a pa sen pou pifò eta a, andeyò North Country, jiska jodi a.

"Chak pati nan Eta New York te eksperimente kalite lè ki pa bon pou lasante nan dènye 24 è yo nan kad dife forè Kanadyen yo, epi priyorite nimewo en nou kounye a se kenbe Nouyòkè yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekspozisyon ki ekspoze nan lè danjere sa ap lakoz efè negatif sou sante, se poutèt sa n ap mete mask bon jan kalite disponib nan zòn ki gen anpil sikilasyon yo atravè New York. M ap ankouraje chak moun nan rejyon ki afekte yo atravè eta a pou rete andedan epi diminye ekspozisyon yo nan lafimen danjere sa jiskaske kalite lè a amelyore."

Y ap mete mask yo disponib nan kote sa yo:

- Grand Central Terminal
- Penn Station
- Fulton Center
- Jamaica Station
- Antre Prensipal nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a, South Wing
- Pak Eta Denny Farrell, Harlem
- Pak Eta Roberto Clemente, Bronx

Pi bonè jodi a, Gouvènè Hochul te rekòmande pou yo sispann aktivite lekòl anplennè yo pandan kalite lè a rete yon enkyetid. Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè yo tou pou ranvwaye aktivite deyò yo nan rejyon ki afekte yo jiskaske kondisyon yo amelyore. Ekspè DEC ak DOH yo ap kontinye kontwole kalite lè a, pandan y ap verifye modèl lafimen ak tanperati a depre.

Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Nouyòkè yo ta dwe fè sa yo kapab pou rete an sekirite pandan jou k ap vini yo akòz kalite lè ki diminye a kontinye poze efè ki danjere sou sante. N ap mete mask bon kalite disponib nan tout eta a epi nou rekòmande chak moun pou limite aktivite deyò yo pou diminye tan yo ekspoze."

Komisè Depatman pou Prezèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Ekspè New York yo ap kontwole san rete kalite lè a pandan eta a afekte pa lafimen ki soti nan dife forè nan Kanada yo epi avèk patnè Eta nou yo, DEC a angaje pou kenbe piblik la enfòmè. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li kontinye bay resous pou ede abòde pwoblèm ekspozisyon potansyèl nan kalite lè danjere a epi ankouraje Nouyòkè yo pou pran prekosyon pandan klima sèk k ap kontinye sa pou evite tout danje dife siplemantè lakay nou isit la."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Avèk lafimen ki soti nan dife forè Kanadyen yo ki kouvri eta nou an, nou patikilyèman enkyete pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo pou efè negatif sou sante yo ki soti nan kalite lè ki pa bon pou lasante a. Sa yo enkli chak moun ki gen pwoblèm kè oswa maladi poumon, ansanm ak sila ki trè jèn yo, sila yo ki gen plis pase 65 an yo, ak moun ki ansent. Pi bon fason pou moun ki vilnerab yo pwoteje tèt yo se rete andedan, diminye ekspozisyon yo epi minimize fatig yo lè yo deyò. Si ou dwe soti deyò, tanpri itilize yon mask bon kalite, ki byen ajiste pandan kondisyon ki pa bon pou lasante sa yo ap pèsiste. Epi, pou zòn kote kalite lè a deziyen kòm Danjere yo, rekòmandasyon sa aplike pou tout moun."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li. Anpil Nouyòkè ka chwazi pou ale nan biwo ki

gen lè kondisyon pandan epizòd kalite lè sa, epi yo ka konfyans ke tren ak bis MTA yo ap kontinye fonksyon ekipe ak filtrasyon lè."

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey a, Rick Cotton, te deklare, "Sante ak sekirite konsomatè nou yo primòdyal pou chak moun nan Otorite Pòtyè a, patikilyèman pandan tout rejyon nou an kontinye ap fè fas ak deteryorasyon kalite lè a. Pou reponn ak demann Gouvènè Hochul la, n ap distribye kantite mask nou kapab bay konsomatè nou yo nan Tèminal Bis Otorite Pòtyè a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak ekip li a pou angajman yo nan sekirite piblik la."

Ekspozisyon nan kondisyon kalite lè aktyèl la ka gen efè negatif sou sante ki enkli:

- Iritasyon zye, nen oswa gòj
- Tous
- Ekstène
- Nen k ap koule
- Souf kout

Kondisyon sa yo espesyalman danjere pou Nouyòkè ki vilnerab yo ki gen kondisyon medikal tankou opresyon ak/oswa maladi kè.

DEC ak DOH soti avi sante sou kalite lè a lè meteològ DEC yo fè previzyon sou nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil piti, yo prevwa ki ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. Avi jodi a fèt akoz patikil piti ke van an pote ki soti nan dife forè yo. AQI a te kreye kòm yon mwayen ki fasil pou asosye nivo polisyon diferan sou yon echèl, avèk yon valè AQI ki pi wo sa endike yon pi gwo enkyetid pou sante.

Ou ka wè dènye previzyon AQI a [isit la](#).

Ti konsèy pou Nouyòkè yo rete an sekirite

- Limite tan deyò yo pou diminye ekspozisyon a lafimen
- Kenbe fenèt kay ak imèb yo fèm
- Evite aktivite ki fatigan
 - Yo ta dwe limite aktivite deyò yo pou tout gwoup oswa minimize yo lè sa posib, akoz moun ki gen opresyon, alèji oswa lòt kondisyon yo ka afekte.
- Evite ekspozisyon ki pwolonje
 - Moun ki gen vilnerabilite sante yo, tankou maladi kadyovaskilè oswa maladi nan poumon, menm jan ak moun ki ansent yo
- Pou sila yo ki dwe deplase deyò pou peryòd ki enpòtan, byen ajiste bon kalite mask ede diminye ekspozisyon.

Gen yon kat sou danje ensandi ki disponib sou [sitwèb DEC a](#). Byenke entèdiksyon pou boule nan tout eta a pa anvigè ankò, yo ta dwe brile bwa sèlman lè li absoliman nesesè. Li entèdi pou boule fatra oswa fèy pandan tout ane a nan Eta New York.

Pou plis [enfòmasyon sou sekirite ak prevansyon ensandi](#), ale sou sitwèb FIREWISE DEC New York la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418